No. 40 — 2 October 1931 — Taoen 11.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA - TAMA:

1 taoen . . . . f 6.—
1/2 „ . . . . . f 3.—
3 woelan . . . f 1,50
njoewoen kabajar roemijin.
Kénging mbajar saben woelan

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja . . . . . f 36.—.
1/2 „ . . . . . f 18,65.
1/4 „ . . . . . „ 9,75.
1/8 „ . . . . . f 5,25.
Saladjengipoen: saben 1 cm² . . f 0,03;
sekedik - kedikipoen: f 1,50.
Kabar premili alit - alitan: f 1.—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ÉBAHING DONJA.

Tanah Tjina gègèr malih.

Malih? — kadjeng koela: gègèripoen tanah Tjina tambah malih, tjongkrah kalijan Japan, ngantos drèl-drèlan poenapa, Japan menang ojak, teroes ngebroki Moekdèn lan kita sanèsipoen. Pakempalan - pakempalan nasional Tjina horeg, paréntah Nanking gemeter, Japan moering, Europa toemoet moengel hara ta, djenèh . . . .

Oentoeng ingkang pedjah saweg sakedik. Saweg? Sokoer bagé jèn boten mindak malih.

Poedjongga Tionghoa moengel: „bangsa Tionghoa koewi koerang éring marang pamaréntah nasional" — oetawi „bangsa Tionghoa koewi roemangsané pamaréntah nasional koewi doeroeng doewé kwasa sing oenggoel déwé" — dados: saben wong kena mapaki.

Poenika kepara njata.

Wiwit taoen 1925 koela maos kabar Tiongkok poenika pegel. Oenderaning kraman kados woedoen. Pentjoengoel ngriki, kimpès, pentjoengoel ngrika, kimpès, dilalah pentjoengoel - pentjoengoel-pentjoengoel, saking 3 panggénan: djéndral anoe mbaléla, bala kominis badé nempoeh, djéndral anoe ngemohi pamaréntah nasional.

Hara poenapa boten pegel.

Sapoenika kalijan Djepang. Djepang moengel: satemene ana 300 prekara sing ndjalari pegeling atikoe, saiki wis katog, moela . . . . mimis!

* * *

Bab kirang éringipoen bangsa Tionghoa dateng pamaréntah nasional, Observator ing Het Nieuws njerat makaten:

Margi kebaking tanah Tjina, (ingkang isi tijang sesak - sesak, ingkang bera sela ngoblak-oblak) lan awoning pamaréntah, betaking kawoela boten karembag, andjalari kados temboengipoen Liang Chi Chao, ahli babad lan ngèlmi, ingkang kawahja ing boekoenipoen „History of Political Thought" oengelipoen . . . the Chinese people (have) never considered national government as the highist form of social organisation . . . .

Lo, poenika prijantoen, dadosa katja benggala toemrap kita: samangsa kita gadah pamaréntah nasional, kita kedah éring dateng pamaréntah kita pijambak, jèn boten makaten, negari temtoe tansah retoe kémawon.

Kirang éring poenika oegi katingal ing madyaning kawoela Sepanjol ingatasing pamaréntah Zamora, pamaréntah nasional, mila oesre . . . . gh kémawon.

Kala Perantjis madeg repoeblik énggalan inggih makaten, bebasan siti Prantjis tansah mengkap-mengkap badé ambjah!

Éring lan tresna dateng jejasanipoen pijambak poenika perloe, tanda loehoer lan dadag beboedènipoen, boten ngoetjira.

Ngoetjira? inggih, sinten ngemohi jejasanipoen pijambak poenika palsoe, lamis angkoeh.

Awit waoenippen moengel: hija, hija, prajoga ngono! sareng dados, katampik. Mila lamis ngoetjira, para, inggih: boten welasan, tegelan, wentalan.

Poendi doenoenging angkoeh?

Angkoeh, doenoengipoen: sareng pamaréntah nasional dados, boten poeroen ngaken, kepéngin mandirèng pribadi; mila angkoeh, oemoek, gila hormat, nista, nistip. Margi?

Margi badé pados isining weteng pribadi, boten manah gesanging kawoela. Negari petjah - petjah, kawoela sajah, sempelah, pedjah!

Dados boten éring dateng dedamelanipoen pijambak waoe, awon sanget: lamis, tegelan, oemoek, gila hormat, pados étjaning angga pribadi.

Djéndral anoe madeg pijambak, major anoe mbangkang, djéndral anoe metal saking pamaréntah centraal. Barcelona wirang jèn kedah kawon kalijan Madrid, lan taksih maèwoe - èwoe malih tjontonipoen.

Poenika waoe sadaja awon, sija, dakwenang. Kita sampoen ngantos niroe toelada kados makaten.

Bab politik kita bribik² badé ngongkok, kita sampoen ngantos gadah watak lamis, ngoetjira, tegelan, oemoek, tjekak para, nista, sija.

Djoerang djoegroeg pinggir kali, wani njroedoeg koedoe wani mati; — mekaten gendingan wetawis kala taoen 1910.

Kita kedah dadag, nanging welasan, lan tansah émoet betaking oemoem, sampoen ngantos pados oentoeng lan soewoering slira pribadi.

* * *

Bab tanah Tjina, poenika ingkang gregeten boten namoeng Japan kémawon. Europa oegi pegel, awit ngertos kawoelanipoen wonten Tiongkok boten angsal pangajoman. Missionaris anoe kagondol brandal, soester anoe kabekta bégal, baita anoe kaedrèl doersila, gedong wakil negari anoe kabéndrongan mimis, njonjah anoe katawan doerdjana, . . . pamaréntah Tiongkok mèh boten saged poenapa - poenapa.

Lah, sareng kaptin Djepang wonten ingkang kaperdjaja, lan pamaréntah Nanking moebeng minger wangsoelanipoen, Djepang pegel, drèl madjeng lan teroes ngangseg nempoeh! (senadjan serdadoe sakedik sanget), kados tradjangipoen bala Djerman kala 1914: nempoeh, madjeng ngebroki, ngantos mèh doemoegi Paris. Serdadoe Japan oegi makaten: plas madjeng kados panah, tjek - tjek - tjek, kita - kita dipoenbroki.

Mila Nanking geter.

Pakempalan² nasional gègèr.

* * *

Mangsoeli kirang éring dateng pamaréntah pijambak poenika katjeta oegi ing Amerika - kidoel. Wiwit kina merboeng répoeblik-répoeblik ingrika oesreg kémawon. Boten wonten taoen ingkang lowong kraman. Saben taoen adjeg gentosan kémawon répoeblik ingkang wonten kraman oetawi gègèr prakawis pilihan president. Terkadang répoeblik kalih tiga sami déné ribedipoen, malah terkadang oegi kelampahan répoeblik a. soelaja kalijan b., b. kalijan c. lan sapitoeroetipoen.

Bab gègèr tanah Tjina, bab pasoelajan kalijan Japan kaanggep prakawis sipil, njebal, mila boten perloe ngagroe-agroe predjandjian-Kellog. Éwasamanten pamaréntah Nanking sampoen sambat dateng Genève: mbok akoe toeloengana!

Nanking sambat, Japan njentosani anak - anakipoen ingkang wonten ing Mandsjoerië.

Mila tanah Tjina mesakaken, anggènipoen perang kalijan sadèrèk-sadèrèk pijambak taksih menggèh-menggèh, lan terkadang was, kedadak ketoengka soelaja kalijan Japan.

Sedaja mèh netah Nanking, namoeng Roeslan ingkang mada dateng Japan.

Poenapa pedjahipoen Kaptin Nakamura Roeslan toemoet ketjipratan rah kados gégéran Spanje?

Roeslan poenika kados kéwan galak ingkang saba daloe, saben wantji peteng njokot oetawi nggroewak.

Sinten nginten bilih major Franco makbedengoes ngaken komoenis? Sinten soemerep bilih montor maboer ingkang ndawahaken bom ing Spanje, lan ngaken saking Portegal oegi angsal bisikan saking Roeslan?

Pantjèn ing ébahing donja Roeslan baten kénging dipoen - gapé, kedah adjeg dipoenprajitnani. Awit: sapa léna, kena!

HÉRAKLITOS.

PRADJA RAHAJOE.

PAMANGGIH SADJIMPIT!

Margi wontenipoen oendang-oendang saking Boepati Lamongan kados kasebat ing Swara - Tama no. 38, djagad Goeroe horeg. Boten maiben! Pantjènipoen djagad B. B. inggih kedah gondjing. Kadjeng koela boten kok soepados: djagad B. B. kalijan Goeroe . . . . tjampoeh, malah — rèhning oendang - oendang waoe saèstoenipoen *saged nebihaken antawisipoen* Goeroe kalijan B. B., pangadjeng-adjeng koela sageda saja rapet!

Tjetanipoen: manawi djoemedoeling oendang - oendang waoe margi ingkang Boepati Lamongan kesangeten — gila hoermat — P. P. B. B. (Perhimpoenan Pegawai Bestuur Boemipoetra) inggih kedah boten toetoep mata, kedah molah, djer manawi koela boten klintoe P. P. B. B. gadah tanggelan merangi „adat gila hoermat" ing kalangan B. B.

— o —

Oendang - oendang waoe wonten ingkang moengel:

. . . . . bahwa atjapkali kita mendapati Goeroe - Goeroe sekolah Boemipoetra **dari lain negeri** jang menghadap kita biar dikantor ataupoen di Kaboepatèn, oentoek toendjoek moeka, sebab **baroesan dipindah** kesekolahan 2e. kl. di Regentschap Lamongan, jang **tidak tahoe adat istiadat** kebangsaannja dan . . . . enz. enz. (cursv.: P. C. Warsini). Nuts [illegible] poenika, ingkang moeroegaken djoemedoeling oendang - oendang waoe margi wonten *goeroe énggal*. (pindahan énggal.) kaanggep tidak tahoe adat-istiadat.

Manawi goeroe énggal ingkang kaanggep tidak tahoe adat istiadat waoe, pantjèn tidak tahoe saèstoe, koela toemoet getoen; nanging boten goemoen, djer goeroe ingkang tidak tahoe adat istiadat koela anggepnjebal; lan ing kalangan B. B. barang njebal poenika temtoenipoen inggih wonten.

— o —

Ingkang koela soemelangaken, gèk-gèk margi *goeroe énggal* waoe hoermatipoen *kirang* jèn katanding kalijan *goeroe lami*, ladjeng teroes katetepaken tidak taoe adat istiadat? Oetawi — Margi ingkang Boepati koelina tampi *hoermat kladoek* saking goeroe lami, sareng tampi *hoermat samestinipoen* (boten kladoek) saking goeroe énggal, ladjeng roemaos hora dihoermati satemah mastani tidak taoe adat istiadat!?

Prakawis poenika boten mokal kelampahanipoen, djer boten namoeng wédang boeboek, **hoermat** inggih saged nagihi.

Oepami satoenggaling A. W., manoeh dipoen „dalem - dalem" ing prijantoen goeroe wewengkonipoen, mangké manawi dipoen „koela" (déning goeroe énggal) temtoe ndjola! Jèn makaten poenika, ingkang koela tetah ladjeng prijantoen goeroe (lami), djalaran pijambakipoen ingkang nenoeman.

Bokmanawi wonten ingkang nggalih: „Wong koewi rak ja sing bisa ngladèni. Ana pjaji karem sembah, ja disembah sing kerep — karem dalem, ija didalem-dalem sing ndridil. Sembah ora toekoe, dalem ora ngoejang wé kok"! Inggih tékad makaten poenika ingkang nama boten ngregèni dradjadipoen pijambak, ingkang sisip-sembiripoen saged noewoehaken lelampahan kados ing Lamongan! Mila gara-gara ing Lamongan poenika saged mitoetoeri dateng prijantoen goeroe soepados *ndjagi, ngregèni* dradjadipoen.

— o —

Sapoenika dédé djaman poerwa! Watak „gila hoermat" boten dipoendojani djaman!

Pangageng ingkang gila hoermat saged oegi dipoenadjrihi, hoermati, sinembah - sembah, dinalem - dalem déning réh-réhanipoen, nanging poenapa kanti toeloesing manah? Mokal! Anggènipoen adjrih, anggènipoen hoermat enz. namoeng ing lair; margi keblerengen ing pangoewaos. Tjekak: Adjrihipoen boten adjrih asih.

Manawi lambé moengel „dhalem" ning batos moengel „goendoelmoe", manawi lair moengel „noeninggih sandika" ning batos moengel „aperrrrèk" poenapa nama adjrih asih?????

Mila . . . . Bongkarlah tabiat gila hoermat!!

Kaoem Goeroe — djagalah deradjadmoe!!

Kaoem Goeroe dan B. B. — rapat!!

P. C. Warsini.

PAKOERMATAN DATENG BESTUURSAMBTENAREN.

Sareng koela maos „Goentingan Pers" ing Swara Tama No. 38, koela ladjeng goemoen sakedik katjampoeran welas. Ing ngatasipoen djaman sapoenika, djaman democratie, teka teksih wonten boepati ingkang njebar oendang - oendang prakawis pakoermatan. Bok manawi ingkang boepati ing Lamongan nalika damel oendang - oendang waoe, boten ngèngeti dateng pangandikanipoen Goepernoer Djéndral Jhr. Mr. A. C. D. De Graeff nalika mbikak Volksraad tanggal 15 Juni 1929. Ing ngandap ngriki koela mendet oekara sawatawis ingkang magepokan kalijan pakoermatan ingkang kedah dipoenenggé, manawi sasrawoengan kalijan para bestuursambtenaren.

„Aan veronderd hormatbetoon mag niet langer worden vastgehouden.)*

Meer en ook niet minder dan *de algemeene, goede omgangsvormen*, mag een bestuursambtenaar geven noch eischen of zelf aanvaarden. In de omstandigheid dat aan de instandhouding van niet meer van dezen tijd zijnde omgangsvormen nog te veel aarde wordt gehecht, ligt voor een deel de verklaring van het bedenkelijk feit, dat juist de jonge hooger ontwikkelden, die in vrije omgeving gemakkelijk een plaap kunnen krijgen, de neiging vertoonen zich verre te houden van een Corps, dat hen toch zoo dringend noodig heeft."

Para sadèrèk ingkang roemaos kataman déning oendang - oendang ingkang kasebat ing nginggil, koela atoeri ngèngeti dateng algemeene, goede omgangsvormen, tata tjaraning sesrawoengan ingkang saé lan sampoen oemoem.

Noewoen:

Spectator.

*) Cursvr. Spect.

ISINIPOEN.

Ébahing donja — Pamanggih sadjimpit — Pakoermatan dateng Bestuursambtenaren — Film Djakarta — Ébahing djagad panggesangan lan pandamelan — Rekaosipoen tijang sami pados panggesangan — Pengadjaran Indonesia — Tjara énggal — Goentingan pers — Pangandika Dalem K. S. Bapa Leo XIII — Watjana manéka warna — Oerap-sari — Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Meksa dados rembag!

Swara-Tama sampoen naté ngladosaken goentingan saking s. k. *„Bahagia"* ingkang martosaken lairipoen satoenggiling pakempalan ing Djakarta, anama *„Djawa Sarékat"*; déné toedjoenipoen ngadjengaken cultuur Djawi. Malah sampoen anggadahi sekolahan, ingkang dipoennamakaken „Hollandsch Javaansche School", lan soeka koersoes Inggris poenapa. (Zie Sw. Tm. No. 37).

„Pahlawan", satoenggiling s. k. minggon ing Solo inggih ngewrat pakabaran waoe nanging ladjeng dipoenkantili wawasan kados ing ngandap poenika:

— Dengan menesal kita terpaksa menjatakan disini bahwa perkataan „Djawa Sarékat" jang dipakai boeat namanja perkoempoelan itoe, kita tidak bisa menjetoedjoeinja.

Alla, soit! Mangga sakarsa!

Kantilan dèrèng telas!

— Apa lagi, ternjata bahwa perkoempoelan tidak sadja beroesaha dalam djoeroesan cultuur Djawa, tetapi djoega beroesaha kedjoeroesan Onderwijs.

Lo, kados-poendi poenika? Dados oeroesan Onderwijs poenika boten magepokan sakedik-kedika kalijan oeroesan cultuur? Poenapa mersoedi lan ngaloesaken basanipoen, andjoendjoeng kasoesastran boten klebet ing oeroesan culuur, lan ngiras klebet ing oeroesan onderwijs?

Dados jèn „Djawa Sarékat", ingkang toedjoenipoen andjoendjoeng cultuur Djawi, ladjeng ngadegaken sekolahan, poenika sampoen samestinipoen, boten anggoemoenaken dèrèng nama njlèwèng oetawi langkah ing toedjoe.

„Pahlawan" taksih neroesaken:

— Djoega nama sekolahan „Hollandsche Javaansche School" kita tidak bisa asésé.

Poenika namoeng prakawis nama! Éwa-samanten béda-bédaning nama poenika asring wonten goenanipoen. Kadosta ing ngriki: „Hollansch Javaansche school". Kénging poenapa kok boten dipoennamakaken „H.I.S." kémawon? Oetawi Hollandsch Indonesische School"?

Bokmanawi poenika kanggé nélakaken, jèn laré ingkang nglebeti sekolahan waoe, kedah sampoen mangertos dateng basa Djawi, awit woelanganipoen badé sambet kalijan basa Djawi. Oepami namoeng dipoennamani „H. I. S." tijang-tijang gampil sanget sagedipoen katjelik margi gadah pamanggih, jèn woelanganipoen badé gandèng kalijan basa priboemi ing kita Djakarta ngrikoe, mangka Djakarta poenika prasasat gadah basa pijambak (Mlajoe?). Lan Jèn namoeng dipoensoekani nama: „Holl. Indonesische School poenapa poenika inggih boten badé njelikaken?

Dados manawi nama „Holl. Jav. School" poenika namoeng kanggé ambédak-bédakaken makaten, kados boten soesah andadosaken rembag!

Ladjengipoen:

— Kita tidak maboek Indonesia, dan kalau kita tidak keliroe persatoean Indonesia Raja djoega wadjib menghormati cultuur dari bangsa-bangsa bagian dari Indonesia, tetapi perkataan „Djawa" atau „Javaansch" itoelah tidak tjotjok boeat direklamekan pada ini djaman persatoean Indonesia.

Sokoer sanget, déné „tidak maboek Indonesia". Nanging kados-poendi malih! Tegesipoen „Djawa" oetawi „Javaansch" poenika mila boten sami plek kalijan „Indonesia". Mangka ingkang dipoentegesi „Djawa" oetawi „Javaansch" poenika mila pantjèn wonten. Mangka ingkang ngersakaken ingkang dipoentegesi waoe kok inggih wonten, toer boten sakedik. Dados damel reclame barang-barang ingkang dipoentegesi waoe boten wonten awonipoen.

Boten ngroedjoeki damel reclame temboeng „Djawa" oetawi „Javaansch", ingkang isi prakawis cultuur, koela boten moepakat.

Boten ngroedjoeki damel reclame temboeng „Djawa" oet. „Javaansch", ingkang mligi isi politik, ing samangké boten dados rembag koela.

Makaten tjéntanganipoen djoeroe goenting pers ing Sw. Tm.

FILM DJAKARTA.

(Pamboeka). Rèhné poen Tom mentas ginandjar kedah soemèlèh ing ngebèd 10 dinten laminipoen, mila kala G. G. énggal rawoeh boten saged milm kanggé Sw. Tm.

(Kawontenan kita). Koela sampoen matoer manawi kala Pasar Gambir 1930 restaurant 2 ingkang dados koerban, Kramat lan Capitol; begdja Capitol namoeng dèjèk-dèjèk kémawon, boten pedjah. Taoen poenika restaurant Maison Versteeg dawah djoeloeng tjaplok. Kala mèh wiwit Pasar Gambir kabesmèn, sareng ndalem 24 djam saged mbangoen malih grijanipoen (nanging tanpa lotèng), wontening ndamel angsal tjatjadan: larang, toer metoené dagangan kesoewèn, ladèni koerang rikat! Dong keté! — Nanging waoe djam 5 *Het Nieuws* ngemot kabar saé toemrap Maison Versteeg: margi rembagipoen bab pasitèn kalijan gemeente saged akoer. Wosipoen makataten: ing Noordwijk, adi-adining margi ing Batavia-Centrum, badé kapasangan trottoir.

Bab trottoir Noordwijk poenika sampoen dados rembag dangoé, nanging kepagolan kalih prakawis: Groot-Klooster kalijan Maison Versteeg, margi kalih poenika ingadjeng sitinipoen badé kamangsa ing trottoir 3 M wijaripoen. Sapoenika kedadosan: siti waoe 1 M² katoembas gemeente f 40.—. Andjalari gemeente kedah tjoetjoel arta f 16.000! namoeng mligi nglintoni regining pasitèn Soesteran lan Maison Versteeg! Lah Versteeg kepandoeman pinten, kilap, nanging rak loewoeng, kanggé njalep kala keslomot Pasar Gambir poenika!

Ada trottoir poenika njata saja badé nambahi asrining Noordwijk, moestikaning kita Batavia-Centrum, ndadak wewah grija gedong ing podjok harmonie, ingkang wangoenipoen sanget ngétjé, mèh rampoeng!

(Pamoelangan).

Sampoen keladjeng ngrembag Groot-Klooster lan Maison Versteeg, mangga sami katapisaken babarpisan.

Koela sampoen naté matoer, jèn H. B. S. Groot-Klooster kasetop, kagantos Mulo. Bab poenika sababipoen ingkang goematok kilap. Nanging poen *Tom* kèmoetan parepatanipoen para Leeraar ingkang ngrembag éwah-éwahan pranatan piwoelang ing H. B. S. manggèn ing lotèng Restaurant Versteeg.

Bab poenika notulen taksih koela simpen, margi kala samanten *Tom* katoet kesasar mlebet parepatan ngrikoe: ingkang namoeng isi para Leeraar lan tijang-tijang ingkang gadah anak ing H. B. S.!

Tom saged wiloedjeng, gangsar tanpa kara² saged milm parepatan waoe njata mligi dong . . . . kilap.

Parepatan waoe kawontenaken kala . . . sampoen dangoe, manawi kala Mei. Wosing parepatan waoe boten roedjoek kalijan karsaning negari ingkang badé ndjoedjoe woelangan ing H. B. S. (éwadéné kelampahan!) ingkang namoeng landesan panggoegatipoen salah satoenggiling H. B. S. ing Den Haag.

Bab rooster, rekaosipoen lss. kala samanten karembag ramé. Lan ada waoe kawontenaken wradin sa-Indonesia. Éwasamanten mak pletjis: negari meksa nindakaken.

Ing semoe para Soester sampoen manggalih bab poenika (inggih poenika jèn aksinipoen para Leeraar badé tanpa tandja), mila H. B. S. terang boten kaladjengaken, woelan Juli kl. I. H. B. S. boten wonten, wontenipoen Mulo! Dados boten kababan ama éwah-éwahan sanget².

H. B. S. (satoenggal til) ing Den Haag waoe wosipoen tjarijos dateng regeering jèn: anaké wong perlopan saka Indija ana kéné adjeg kompèren, tanda H. B. S. Indija mbekokrok.

Ing mangka Den Haag H. B. S. ipoen apes 5, lan laré wedalan H. B. S. ing Indonesia wonten ing Universiteit poendi kémawon boten naté angsal tjatjadan, éwasamanten negari nindakaken oesoel Den Haag satoenggal til waoe, H. B. S. kl. I, II, III woelanganipoen dipoenkatahi, langkoeng-langkoeng basa mantja; (woelangan 45 menit katah ingkang dados 50 menit!; wekdal dolanan, ngaso, wonten ingkang namoeng 5 menit!)—mila para Leeraar kroda mangkrak, mawi neda pembantoenipoen tijang sepoehing moerid, nanging tanpa dados. Wiwit Juli H.B.S. èstoe karébah kados kersaning negari, tanpa ngèngeti atoeripoen para Leeraar sakedik kémawon.

(Panggesangan). Kèmoetan parepatan ing lotèng Versteeg waoe sapriki *Tom* jèn kèmoetan taksih mlongo kaijan garoek-garoek gitok: saking saénipoen! Padang goemebjar, resik, saé karengga pèni, mangloeng margi ageng, ngadjengken moesik, sadaja tamoe wingit-wingit, kasegah anggoer, aèr blanda, limoen, tembok, kori sadaja bleg pangilon, wiwit tjoebin doemoegi pjan! *Pangilon* prijantoen, dédé katja, *pangilon!* Moebeng minger pandjenengan priksa pandjenengan pijambak! Médja satoenggal namoeng dipoendjodoni koersi 2, sadaja angsal bokèt sekar saben samédja!

É, gèk bésoek apa R. K. D. B., P.P.K.D., P.K.W. bisa gawé *bantjakan* ana ing lotèng kaja ngono! Wis, djembar, apik! padang nikmat! — sampoen, samanten kémawon.

(Kaoem goeroe).

Film saking Solo, wah tarik-tarik, mèrek pabrik A. J. S. toer mawi ngrembag pating tjroewilipoen donja-goeroe.*)

Ing Djakarta manawi donja-goeroe sami kalijan kroepoek ketjeloep wédang tèh, dados langkoeng saking mlempem. Poen *Tom* nepangi goeroe-goeroe sawatawis. Kadospoendi golongan pandjenengan? Saja nggak toeroet apa-apa toewan! Lan pandjenengan? Saja beloem masoep *(masoek* tjara Betawi *masoep!* mèmper: mangsloep!) En toean? Saja djoega nggak tjampoer.— Mati-ané, batos koela, lah kontakkoe karo donja goeroe prijé? „nggak tjampoer" „beloem masoep" „nggak toeroet apa-apa"—Étja prijantoen. Awas! P. G. H. B. Solo!!

De Regisseur: Tom.

*) Poenapa Soerabaja, Semarang, Bandoeng dèrèng damel pabrik film kanggé Sw. Tm. *Tom.*

INDONESIËR ING BETAWI RAOSIPOEN KABANGSAN NGANGSEG.

Sadèrèk kita Indonesiërs ingkang wonten ing Betawi poenika ratjakipoen dados warganing **pakempalan-pakempalan** politiek oetawi sociaal, malah katah oegi ingkang dados kalih-kalihipoen pisan. Mèh saben pakempalaning sadèrèk Indonesiërs nggadahi pakempalan coöperatie (onder afdeeling). Ratjakratjak saben coöperatie nggadahi oetawi mbikak waroeng (boten kétang alit-alitan) kados waroengipoen bangsa Tiong Hwa ingkang wonten kampoengan. Njedijani oetawi sasadéjan kanggé kabetahan saben dinten. Dados temtoe kémawon, jèn regining barang-barang coöperatie waoe radi awis sekedik jèn dipoentimbang kalijan barang-barang toembasan saking tokonipoen bangsa Tiong Hwa. Margi daganganing coöperatie waoe, ingkang katah² kilakan saking toko²ning bangsa Asing.

Namoeng kados-poendi sagedipoen madjeng coöperatie kita??? Kita kedah marsoedi nggadahi manah tresna bangsa lan toempah darah, awit jèn boten makaten, **tangèh** sanget sagedipoen madjeng coöperatie kita. Ènget sadèrèk, ènget, ... , bilih waroeng coöperatie waoe, waroeng kita sadjati, tjitakan Indonesia. Sampoen kasoepèn! Lan kita kedah ènget oegi, bilih ing djaman sapoenika sampoen djamakipoen, wantji seraping djaman wingi-wingi, saha ketingal tjeta wéla-wéla trontong-trontonging toewoehipoen pentèring djaman kamadjengan. Kagatosna!

Pantjèn sampoen mestinipoen lan sampoen titimangsanipoen, bilih kita tresna dateng bangsa toewin gegesang jajasan kita saha nengenaken pamedaling tanah toempah kita Indonesia. Ratjakipoen sadèrèk Indonesiërs ingkang sampoen toemoet ngambah margi dateng kamadjengan, sampoen bribik-bribik miwiti saking sakedik nindakaken koewadjibanipoen dados poetra oetawi poetri Indonesia. Malah wonten ing kalangan pambrajatan; para bapa lan iboe ingkang sampoen toemoet ngambah margi dateng kamadjengan saweg panggoela-wentahing poetra kémawon dipoenboemboni tresna kebangsaan; kadosta: „Tolé oetawi Gendoek, jèn kowé dioetoes tetoekoe apa-apa, toekoea menjang waroeng Djawa waé, ja nggèr; botjah bagoes of botjah ajoe!" (waroeng Djawa ing riki tegesipoen, waroenging coöperatie oetawi waroenging bangsa Indonesiër).

Wah, samanten katresnaning bapa lan iboe (djempolan) dateng poetrapoetranipoen. Boten langkoeng koela **mendjabat tangan** dobel dateng para kaoem bapa lan iboe ingkang sampoen ngandjoet katresnan dateng **tanah toempah darah kita**. Indonesia toewin sawabipoen (nationalisme) kablèbèrna dateng sadèrèk-sadèrèk kita ingkang dèrèng mangertos (bodo) bab tresna kabangsaan. Mangga sadèrèk koela atoeri nggalih! Para poetraning kaoem bapa lan iboe djempolan ingkang samangké teksih dados Tolé oetawi Gendoek waoe, jèn mbéndjing dados kaoem bapa oetawi iboe ingkang dobel djempol! Pantjèn makaten poenika pangadjeng-adjeng kita!

Menggah ingkang makaten poenika waoe, boten sanès namoeng margi saking ébahing para prija (kakoeng) toewin para wanita (pawèstri) ing djaman samangké.

Boten namoeng para prija kémawon ingkang sengkoet toemandang badé ngambah margi dateng kamadjengan, dalah para wanita inggih boten poeroen kantoen. Sanget anggènipoen sami goeproek, tjastjis sarwi ngentjengaken oekeling kekondé, noendjang palang medoti dadoeng, ngetog kekijatan ngoepados sangoe minangka kadamel djadjampi, soepados ing tembé wingkingipoen sampoen ngantos kalelep silep wonten ing satengahing ombakipoen djaman madjeng.

Manawi koela njawang saking katebihan para wanita ing poendipoendi panggénan langkoeng-langkoeng ing kita-kita ageng; poenapa malih ing Betawi; soemlenget bentèring panggalihipoen soemedya ngojak nglantjak amboedjeng njarengi lampahing djangkahipoen para prija. Mangga koela atoeri manggalih, sadèrèk! „Sapinten kendoning papindjoeng (kemben) lan kekendit, sapinten kendoring kekondé toewin ribeting tatapih! Namoeng poenika sadaja soemedya kasirnakaken. (berani kerena . . . . .)

Ing pasisir aloenipoen kados kineboer soewantenipoen, moeloek ngoemandang moemploeng, langkoeng-langkoeng ing tanah ngaré papan ramé saha ing salebetipoen kita-kita ageng bendé soewantenipoen ngoenkoeng; mrika-mriki mireng oemjoeng soewantenipoen piroekoenaning para wanita; pating klesik — pating gendoelik — pating djawil anggènipoen ngadjak-adjak gandèng tangan toekar rembag, soemedya ngadjak manoenggil.

Lha kados-poendi menggah kawontenanipoen para sadèrèk kita pawèstri katholiek Indonesiërs ing Betawi???

O, sak mireng koela saweg sami menggalih, kados-poendi rékanipoen, badé ngedegaken tjabang W. K. wonten tlatahing kita Djakarta.

Taklim koela poen

H. J. Patrem.

VAN LITH - STICHTING

JEJASAN
ingkang
andjoendjoeng
dradjadipoen
gotrah
KATOELIK
SADAJA.

Penningmeester V. L. S.
2e. Convict
Moentilan N. I. S.

É K O N O M I.

ÉBAHING DJAGAD PANGGESANGAN LAN PANDAMELAN.

Sampoen kepara pandjang koela ndoedah soeraosing seratipoen sadèrèk A. K. D. (indirect) wonten ing Swara-Tama ngriki, mila boten perloe koela ladjeng²aken malih.

Éwasamanten rèhning seratipoen sadèrèk A. K. D. isi tigang bab, mangka ingkang koela bèbèr saweg 2 bab, kados ingkang 1 bab sanèsipoen kénging kita damel patjitan ing dinten poenika, toer isinipoen bab angka III poenika mila inggih njrambahi kabetahaning akatah, langkoeng-langkoeng para moeda.

Bab angka III saking epistel A. K. D. poenika nggepok: bab sinaoe pijambak. Rèhné bab sinaoe pijambak poenika njata *kerep* dados landesaning panggesanganipoen kantja pinten-pinten, mila mangga sami dipoenoeloer sawatawis.

Sadèrèk A. K. D. tjloeloek bab sinaoe pijambak, poenika boten dateng koela kémawon, nanging inggih dateng sadèrèk *Gladiool* (sandi asma ing H. I. S.) lan inggih njerat wonten H.I.S. pijambak, ingkang kala samanten angsal panjaroewé saking sadèrèk P. Soediro ing Djakarta.

Dados: sadèrèk A. K. D. wosipoen betah papadang kados-poendi akalipoen sagedipoen tijang sinaoe, pijambak.

Pitakénan ingkang makaten Andaja kerep nampi saking pinten-pinten panggénan lan padatan ladjeng koela wangsoeli samestinipoen. Namoeng émanipoen 70% saking para moendoet-priksa waoe adat ladjeng *mlempem.*

Dados *energie* njata taksih kirang. Poenika tanda jekti njata. Margi *koela* ngalami, nglagani, ngladosi. Seweneh oekaraning wangsoelanipoen wosipoen makaten:

akoe isih karep,
ning ajas-ajasen.

Ladjeng wangsoelan koela adatipoen makaten:

ja wis, toeroea sing kepénak.
poepoeng isih ajas-ajasen.

Koela sengadja damel oekara ingkang makaten awit kantja Djawi jèn tansah dipoenloes badé saja ndléja, mila Andaja bab ngladosi lengganipoen damel systeem énggal: sapa sempelah, kalah.

Ing semoe sadèrèk A. K. D. boten badé klebet katagori ajas-ajasen poenika, katanda 7 woelan saking samedalipoen artikel - *Gladiool* ing H. I. S. sepriki dèrèng kemba takèntakèn.

Mila manawi kita kepéngin mlangkring *saèstoe,* boten namoeng kepéngin *tok,* systeem „ajas-ajasen" kedah kaboetjal.

Koela atoeri émoet ta rekaosipoen Welandi anggènipoen troetoesan dateng Indija. Koela atoeri émoet tradjangipoen Cortez mbedah Mexico, Koela atoeri émoet ta galakipoen Columbus kala lajar mengilèn, ngantos *soepé* dateng badan pijambak, wasana sadaja angsal damel. Jèn kita taksih seneng soemèlèh ing bantal mèrek „ajas-ajasen", poenapa boten sampoen lajakipoen jèn ajam-ajam tangga sami nelèki ing angga kita. O, moegi sampoen makaten.

Mangga woengoe.

Jèn *sereng* pandjenengan namoeng woedjoed senggara-matjan alijas abab, tanpa tenaga, tanpa karja, tanpa djangkah, namoeng djangka, kepéngin, illussie, wasana namoeng dados *utopie.*

Dados wosing atoer koela: sok sintena badé pados indaking pangkat, pangoewaos, pamedal lan (oetawi) prabawa mendet mergi „sinaoe pijambak" — moegi sampoen tanggel-tanggel, moegi karsaa nemenani. Insja'allah jèn wonten *djangka* lan *djangkah* temtoe badé wonten angsal-angsalanipoen. Boten wonten ada kok moespra. Boten wonten pakarjan tanpa tandja. Sadaja temtoe nilar tilas. Sampoen ngoetjira, dèn tanggon, dadag, bérag, sabar lan *kendel.*

Koela atoeri maos babadipoen para poedjangga ageng-ageng, Vondel, Hugo, Corneille lss. samangsa ngertos kirang seserepanipoen, énggal sinaoe (pijambak) malih, ngantos boten naté kirang *stof* kanggé nganggit-anggit kidoengan mawarni-warni.

Vondel mendet stof saking Itali, Latin, Griek; *Hugo* saking basa Inggris, Djerman, Sepanjol; *Corneille, Molière* saking basa Sepanjol lss.

Sampoen naté sowan toewi sadèrèk Saéroen, pangarsa Journalisten Bond Indonesia? wadoeh, boekoenipoen!

Sadaja dokter, insigneur, saben dinten maos boekoe oetawi tijdschrift kanggé vakipoen pijambak-pijambak. Kita? nihil, ajas-ajasen.

Mila jèn mila kersa, dipoentemenana. Sampoen glogok sok, nanging anteng, sereng, *awèt.*

Samanten bab „sinaoe-pijambak", katoer sadèrèk A. K. D. lan sadaja para maos . . . . ingkang kagoengan betah bab poenika.

—o—

Soepados sampoen ngantos kepandjang-pandjang bab *ajas-ajasen,* ingkang terang dados tjatjad kita, mangga, o, prijantoen lengganan ingkang sami setya ing wadjibipoen, mangga sami dateng London, mangga koela tedahaken pelaboehan London.

Manawi kita djalan-djalan ing pelaboehan London, kita saged langkoeng *ngraos,* sapinten koewaosipoen Inggris wonten ing djagad panggaotan ing saindenging boewana. Ningali pelaboehan London saklébatan kémawon ngertos bab tegesing temboeng *padagangan,* ngoengkoeli tinimbang mirengaken lezing-lezing lan moek-moekan métani statistiek. Mentas poenika pembantoenipoen serat kabar *De Standaard* ing Brussel (R. K.) mentas ningali pelaboehan London, mangga sami nirokaken pemanggihipoen pembantoe waoe.

Sadaja isining peken sadaja pepak kagelar ing goedang-goedanging pepelaboehan London. Sadaja katoempoek katata kapanta-panta; lan ingkang Inggris boten „dojan" ladjeng kapoeter kaoebengaken dateng tanah-tanah sanèsipoen malih. Soemebaring dagangan saking London dateng saindenging djagad poenika ndjalari raméning beurs, peken-peken lan papan lélangan.

Mangga sama ningali baita ingkang mentas dateng momot wol. Lah, pak-pakan poenika wol saking Australia. Ingkang kakèrèk poenika wol saking Nieuw-Zeeland, poenika saking Vuurland, poenika saking Siberië, poenika saking Balkan.

Saben wol kasimpen manoet asalipoen pijambak-pijambak ngantos 7 goedang. Koeli² riboet ngangkati.

Goedang poenika mligi isi wol Inggris: saking Ierland, Wales, Schotland. Goedang poenika wadah wol asal saking tanah djadjahan. Goedang ngrika poenika isi wol saking Sibérië lan Europa-wétan, ngrikanipoen malih wol saking Amérika-kidoel.

Soedagar-soedagar wol sami riboet ngédah tjonto-tjonto ingkang kasedijakaken, njateti nomering pakpakan, soepados mangké jèn lélang saged ngregèni kanti leres.

Lélang wol poenika setaoen namoeng kaping 6 wonten ing Beurs. Lan saben lélangan dangoenipoen 3 minggoe.

Saben mangsa lélangan adatipoen boten kirang saking $1^1/_2$ joeta pak wol ingkang padjeng, lan let 24 djam wol ingkang padjeng sampoen katampi déning ingkang nglélang.

Mila kliling ing pelaboehan London poenika sami kalijan ngoemisi korining peken-donja.

Koela kèndel malih sakedap. Lah, wonten baita saking Australië dateng lan kadoedah. Poenapa momotanipoen? oelam lemboe kasimpen ingès, mertéga, kèdjoe, gandoem, anggoer.

Saking Afrika tijang ngedak-edakaken watjoetjal lan sata. Saking Bermuda wonten momotan medak: rum lan gendis. Saking Tjina lan Djepang: kétjap, soetra, kèper, wos, tèh. Saking Indonesia: tèh, karèt, boemboe-boemboe, klapa, tali lss.

Ing papan sanès wonten baita dateng mbekta pisang saking Jamaica, tjelakipoen wonten baita saking Afrika-kidoel mbekta gading, tembaga lan widji sekar srengéngé.

Baita ingkang momot kadjeng tanpa wilangan. Setoenggal setengah mlijoen ton kadjeng mlebet sareng. Kadjeng saking Canada badé kanggé damel koran, makaten oegi saking Amerika-Sarékat; saking Afrika kadjeng kanggé dandosan; saking Indonesia kadjeng wesi.

Dèrèng katahing tetedan lan ombèn-ombèn ingkang dereg ngèbeki goedang. Inggris poenika tanah tèh. Nanging sinten ingkang saged nelasaken tèh 400 joeta poen?

Tanah poendi ingkang saged nelasaken daging asrep 635 ton? 100.000 ton kèdjoe lan $2^1/_2$ joeta ton gandoem?

Lan malih Inggris koewawi nampi 9 milliard liter rum lan 45 milliard liter anggoer.

Barang sedaja waoe boten sami sanalika saged padjeng. Mendetipoen saking kapal saking sakedik. Ladjeng katata perloe kapriksa isinipoen, soepados . . . . . saged katemtokaken pinten paosipoen.

Soedagar ingkang boten saged mendet énggal daganganipoen kénging titip wonten goedang goepermèn.

Koela ladjeng sami mlebet dateng

PANGANDIKA DALEM.

I. S. K. Santo Bapa Leo XIII.

I. Nagari kedah ngreksa kabetahaning kaoem berah ing babagan rohani.

Kantja berah poenika gadah kabetahan katah ingkang wadjib dipoenreksa déning Nagari, wondéné ingkang nomer satoenggal: kabetahan rohani, awit gesanging badan, sanadjana aos kados poenapa, dédé toedjoenipoen anggèn kita kalairaken, nanging ngemoengaken margi sarta sarana sagedipoen soekma kita gesang inggih poenika margi ngertos dateng kanjataan toewin tresna dateng kasaénan. Soekma poenika ingkang ngemot èmper sarta tjitraning Allah, lan inggih ing soekma ngrikoe doenoenging pamaréntah, ingkang ndjalari manoengsa kedah maréntah dateng sadaja titah ingkang asor wonten sangandapipoen sarta ngerèh dateng sakatahing tanah-tanah saha saganten. *Sira ngebakana boemi sarta rèhen: lan maréntaha marang iwaking sagara apadéné sakèhing kéwan kang mobah mosik ana ing boemi* (Poerwaning doemados I, 28). Ing babagan poenika sadaja tijang sami kémawon, boten wonten bédanipoen soegih lan miskin, bandara lan abdi, ratoe lan kawoela.

(Encycliek Rerum Novarum 15 Mei 1891).

II. Nagari kedah ngadjengaken wontening ngaso ing dinten Ngahad. Tijang ingkang njenjamah wontenipoen ngaso ing dinten Ngahad poenika tijang ingkang koepoer (goddeloos).

Margi saking klintoening pamanggih ing bab kamardikan, mastani jèn sadaja-sadaja kakéngingaken, katah tijang ingkang saèstoe boten ngertos dateng bédanipoen dinten ingkang kasoetjèkaken kondjoek ing Pangéran kalijan dinten ingkang kanggé njamboetdamel. Toko-toko ageng alit lan pabrik-pabrik mèh sadinten moepoet kabikak. Pandamelan garap-tangan dangoenipoen Ngahad lan ing dinten ageng ngantos pinten-pinten djam inggih ing radinan inggih ing grija.

Pangoedi awon sarta samangké waradin ing poendi-poendi inggih poenika pangoedi amrih tetijang sami tebih saking Goesti Allah sarta amrih saged ngerèh bangsa kanti panganggep kados-kados ing swarga boten wonten Allah, poenika djalaranipoen amargi njemjamah sarta nglirwakaken dintening Pangéran.

(Pangandika dateng warganing Vereeniging voor Zondagsheiliging 20 Maret 1886).

goedang simpenan anggoer. Wah, peteng ndedet. Koela mlebet sami mawi obor. Lah, poenika anggoer saking Afrika-Kidoel, poenika saking Australië, saking Sepanje, Portegal, lan saking poelo-poelo Griek. Tong isi anggoer kina saking Perantjis sampoen gloemoet katoetoepan sawang. Anggoer saking Rijn bebandjengan, margi wonten tanah Inggris tarik.

Soedagar ingkang gadah anggoer waoe boten kedah mendet satong sadaja, mendet (ngetjoer) sapérangan roemijin kénging, lan ingkang katarik paos inggih namoeng ingkang kapendet waoe.

***

Sampoen samanten kémawon.

Ta, poenapa boten njata mlebet ing gapoeraning padagangan sadjagad? Poenika dèrèng sadaja: Kita dèrèng mlebet ing goedang tandon gading lan karèt.

Tjobi sanès dinten kaladjengaken. Dados:

Kantja Néger wonten Amerika-Sarékat badé triwikrama. Bab Londen kawontenanipoen kados makaten. Jèng kita tansah *ajas-ajasen* kémawon, badé wonten poendi doenoeng kita?

Iki ora dadi, ikoe tjoentel, koewi mandeg ndalan, kaé ora tekan! o, kok tarik-tarik temen. Jèn saged kita sampoen ngantos makaten. Mangga ta kapirsanana ki A. S. D. sampoen mak ketèplek dateng koersi Sedya-Tama, poenapa mergi ngetokaken *ajas-ajasenipoen*? Boten! Kala dèrèng wonten Sedya-Tama djam 2 daloe taksih kerep oerik-oerik, ngganter. Kerep ngantos doemoegi djam 4—5. Dados boten tjara: ah, jèn kober, satitahé; boten!

Sedaja kedah ngetog samoedajanipoen. Sempelah kalah. ngentéré loewé!

Mila dèn tanggap ing èseming djaman. Sampoen kepéntjoet, nanging kedah manoet. Tegesipoen: sing sengkoet, ning sing éling, adja moeng mata-doewiten tok.

***

Anggènipoen sadèrèk A. K. D. badé mempeng sinaoe pijambak waoe inggih wonten leresipoen. Tanpa kepinteran, sasat tanpa oeger-oeger. Dagang tanpa kasagedan. inggih soempeg, Toer ing pamoelangan tengahan lan loehoer djedjel! Dados jèn kita mboten moelat, kita kedesek saking nginggil! Lan ngèmoeti gotrah kita Katholiek Djawi, betah tijang sawatawis ingkang ngertos kasoesastran, amrih . . . . isining maskapé kita djangkep. Dados jèn *kedah* madeg, *saged* madeg djedjeg, kengkeng.

Poerwadarmintan mempeng bab Kawi (lan njampé Sanskrit, Inggris), sinten mepeng Arab, Inggris, Djerman, Perantjis, Itali, Sepanjol Latin, Griek?

Rama Pastoer?

Temtoe kémawon, nanging rak kagem *Kaimamanipoen* sanèsipoen sambèn. Poenapa sadaja kita broekaken rama Pastoer? poenapa-poenapa Rama Pastoer? Pinten katahipoen? kanggé ngopèni prakawis kasoekman kémawon tjomprang-tjamprèng!

Sinten ladjeng badé matengaken bab wèt, techniek, verzekeringswezen coöperatiewezen, tetanèn djampi² lss. Rama Pastoer? Ta, rak tjeta. Wontenipoen dokter, mr. lan Dr. Djawi Katoelik kabetahaken. Bab² ingkang wonten ndjawining gegebengan poenika sinten? nggambar, damel woordenboek ngoedi basa, joernalisme. Hara ta, katah sanget. Mila mangga andoem damel. Lan jèn sampoen ngajati, pleng, katemenana, sampoen mandeg toemoelih. Sampoen adjrih katjéda. Awit katahing-katah, *njéda* poenika gadah raos *mèri*.

Nolèha kadang kita A. S. D., lan Poerwadarmintan. Leres dèrèng sapintena. Nanging katandinga lan *pawitanipoen!!*

R. Robert Soegeng, saged ngasta H. I. S. oegi sereng ing panggalih, njamboet damel *temenan*, ladjeng metik wohipoen.

Jèn papan sadjawi kita saged toekoel een Harahap, een Saéroen, poenapa saking kita sakinten boten wonten ingkang badé saged toewoeh kados makaten?

Ah temtoe *wonten*.

Namoeng, namoeng, namoeng, poma dèn-éling sampoen kasoepèn, jèn sampoen njengoek wonten nginggil sampoen ladjeng njépak oetawi mbekosi ingkang saweg ketantil-ketantil badé minggah. Dèn koma-koma.

Mangga mbikaka *S. K. no. 25* verslag ngandikanipoen rama Schots (katja I kolom IV kepara ngandap:

Dalam doenia economie kita haroes berpengaroeh.

Mangga kapanggaliha pandjang. Berpengaroeh ngrikoe saged srana pangkat, bajar, kasoegihan lan kasagedan. Poendi ingkang pandjenengan senengi kapiliha lan sampoen tolèh wingking:

Dengan inilah saja maoe berpengaroeh di moeka maskapé!!

Mangga, soegeng tindak dan . . . . slamat kerdja ngantos pandjenengan saged . . . . Berpengaroeh.

Andaja.

REKAOSIPOEN TIJANG SAMI PADOS PANGGESANGAN.

Saweg samangké katingal sanget, ngantos kawedal ing ginem tijang-tijang sami sasambat rekaosipoen pados pangoepadjiwa alias sang *„jatra"*.

Wiwit wonten margi-margi loemampah sesarengan, kèndel wonten peken sasadéan roepi-roepi ngantos wonten wandé sasadéan tetedan sagendingipoen, doemoegi setatsijoen-setatsijoen ngantos noempak trèm oetawi sepoer, kaladjengaken toempakan glinding (dokar oetawi kréta enz.) temahan wonten ing pandamelan (kantor-kantor, toko-toko, pabrik-pabrik enz.) wangsoel wonten grijanipoen pijambak-pijambak lo! boten soepé. Dateng toekang potong (barbier), restaurant, mandar poen Daokè-Daokè toko inggih toemoet sambat, lantaran saking kirang papadjenganipoen. Déné asalipoen: Negari saweg rekaos menggalih *soedaning kaoentoenganipoen katahing pembajaran*, kadjawi samboetan dateng Amérika ingkang boten sakedik goenggoengipoen, perloe saben taoen sageda nitjil babon saha saremanipoen ± 40 mlijoen *roepijah pérak* (dados jatra kertas boten kénging.) Mila ékonominipoen negari saèstoe kadjagi sarana pangiridan wedaling jatra. boten namoeng 5% saking blandja trimah katjowok, nanging taoen 1932 saged 10% doemoegi 20% badénipoen. Poenapa boten dèjèk-dèjèk saèstoe, lantaran inggih namoeng ndjagi sampoen ngantos negari ladjeng kotongblong. Prajogi katoelada para sadèrèk kita, methodenipoen negari sapoenika, sabab prijatos kanggé doemateng para kawoelanipoen saèwedèntèngipoen. Éwasamanten taksih katah sanget para sadèrèk Indonesiërs ingkang boten merdoeli atoeran waoe, temahan bilih wonten keraméjan Pasar Malem, bioscoop saged witjanten, Voetbalstrijd enz. boten kétang, *nggantos-nggantosaken* barang gadahanipoen inggih dipoenlampahi, temtoe boten mikir dateng wingkingipoen, ladjeng sapoenika tanggal satoe tampi blandja, prasasat namoeng mbagé jatra bajaranipoen; kanggé kaperloeanipoen sawoelan mandar kirang, ketjomprénganprasasat boten saged mikiraken malih, temahan gampil damel dadakan paben kalijan poen brajat saisinipoen, ramé² kapireng tetangga, sinten ingkang lepat, temtoe inggih dawah dateng kantja wingking! Mila prija kados makaten watekanipoen!!!! Dados inggih boten lepat jèn Mahatma Gandhi dateng parepatan médja boender ing Inggris (Londen) perloe sanget ngrembag *kawiloedjenganipoen* para sadèrèk-sadèrèk ingkang *papa tjintraka*, gesang *roekoen* kalajan sasaminipoen bangsa, poenapa malih ngitjalaken minoeman keras oetawi opium (tjandoe). Lah poenika gambaripoen poen candidaat, Nabelprijs. —

Oedjoeng-K.

SEKOLAHAN.

PENGADJARAN ING INDONESIA.

Kaatoer tjara kabangsan.

Para maos.

Sapoenika pandjenengan kapanggih malih kalijan koela. Sampoen kagèt manawi koela matoer kados ing sesirahing karangan koela. Pandjenengan temtoe boten kekilapan nasib tanah djadjahan. Hawa tanah kolonie.

Pangadjaran-pangadjaran ingkang kaparingaken déning embah Nagari dateng kita poenika katata manoet kabangsan; tjrijosipoen. Basa ingkang kawoelangaken namoeng basa priboemi ing papan ngrikoe kalijan basa Mlajoe. Makaten oegi babagan aksara ingkang kawoelangaken inggih aksara anak priboemi ing papan waoe. Malah nalika djamanipoen Mr. Van Der Cheys naté kagoengan panggalih badé ngatoer grijaning pamoelangan waoe tjara langgar. Para maos saged nggagapi pijambak menggah kawontenan ing nginggil, djer pandjenengan sadaja sampoen lami kasoemoeban hawa tanah djadjahan.

Ngèngeti prakawis kabangsan Pamaréntah ngraos perloe jasa pamoelangan tjalon goeroe sanèsipoen laré Djawi. Ing taoen 1856 ing Soematra kilèn kawontenaken pamoelangan tjalon goeroe. Ladjeng ing taoen 1866 ing Bandoeng.

Wiwit samanten kamadjenganing anak priboemi dateng pangadjaran saja ngangseg. Margi poenapa? Margi kapoeloet Ambtenaar-isme. Idam-idamanipoen para sepoeh, koedanganipoen para Iboe: „Anakkoe daksekolahaké, soepaja bésoek bisa dadi prijaji, bisa dadi ambtenaar, diadjèni wong akèh. Kapénak gawéjané. Ora matjoel. Blandjané akèh??" Ananging prasasat boten wonten ingkang kagoengan panggalih: „Anakkoe daksekolahaké, soepaja ing bésoek dadija wong pinter, bisa ndjoendjoeng dradjadé bangsané; bisaa mbalèkaké kaloehoeraning éjang-éjangé."

Samanten para sadèrèk, mandjinging raos kaambtenaran.

Anak priboemi sanget ngiler dateng pangadjaran ingkang mawi basa Walandi.

Ing taoen 1873 tjatjahing anakipoen kaoem prijaji wonten $^1/_3$ ning tjatjahing anak Inlander ingkang sami sakolah. Taoen 1877 mandap dados $^1/_5$ lipoen laré sadaja.

Taoen 1878 madeg pamoelangan ingkang dipoenwastani „SEKOLAH KEPALA" kanggé nampi anak-anaking para ambtenaar ingkang tjalon badé dados ambtenaar. Sekolahan waoe ing taoen 1893 éwah dados „Sekolah pendidik ambtenaar Boemipoetera oetawi pamoelangan prijantoen". Wiwit nalika samanten pamoelangan kanggé anak priboemi kapérang dados kalih golongan i.p. „Pamoelangan angka satoenggal, kanggé anakipoen ra'jat inggil, lan pamoelangan angka kalih kanggé anak-anakipoen pak Krama.

Nitik andaran koela ingkang tjekak-tjekak poenika ladjeng ananding kalijan verslag saking adimas A.J.S. petikan sesorahipoen sadèrèk J. Bakker wonteh ing Soerabaja (zie Sw. Tm. No. 28) poenika pandjenengan ladjeng saged mangertos gagawangan ingatasipoen Onderwijs politiek-ipoen Pamaréntah ing Nederland kalijan pradja-pradja sanès ingkang sami gadah tanah djadjahan wonten sadjawining Indonesia.

Sami tanah djadjahan.

Nanging boten sami onderwijs politiek-ipoen.

Samanten roemijin.

HERCULES.

VARIA.

TJARA ÉNGGAL.

(Tjaranipoen sinaoe basa ngamantja).

Tijang ingkang ngertos basa katah poenika seneng, djalaran kékésahana dateng poendi-poendi boten badé tingak-tingoek, oepamia badé sinaoe ingkang angèl-angèl, radi gampil, margi sampoen wonten pantjadanipoen. Sinten ingkang ngertos basa Wlandi, gampil sinaoe basa Inggris, Fransch, Duitsch, Latin, Grieksch lsp. Teroesipoen saged sinaoe basa Arab, Sanskriet lsp.

Sinaoe basa warni-warni poenika angèl, nanging dados gampil, manawi tjaranipoen: leres.

Tjara (methode) ingkang samangké kaprah poenika Berlitz-methode, inggih poenika sinaoe basa ngamantja, saking wiwitan sampoen migoenakaken basa waoe, oepami sinaoe Wlandi, inggih teroes tjantenan tjara Wlandi, boten mawi Djawi kawlandèkaken roemijin.

Berlitz-methode poenika samangké kagandèng kalijan grammaphoon, mila dipoenseboet linguaphone-methode (*lingua* Latin = basa, *phonè* Grieksch = swara). Sarana linguaphone (sinaoe basa mawi grammaphoon) poenika tijang saged sinaoe basa Fransch, Duitsch, Inggris, Sepanjol, Itali, Roes, Walandi, Afrika, Zweden, Ier, Tionghwa, Persi lan Esperanto, énggal toer gampil. Namoeng kémawon grammaphoon kanggé satoenggal cursus regi f 90. Samanten poenika toemrap tijang satoenggal klebet katah, nanging jèn dipoenajoni tijang oepami 10, ladjeng katingal mirah, adrès jèn badé moendoet: P. J. Plaatsman Prof. Eykmansweg 5 Bandoeng.

A. M. D. G.

Loemantar Swara-Tama.

Para sadèrèk, ngatoeri priksa, bilih tanpa tjegahing Pangéran, koela:

A. S. Martasoedarma

lan

Ricarda Soedjijem

badé nampi Sacrament Idjab wonten ing Grédja Medarie béndjing dinten Ngahad Kliwon tanggal 8 November 1931 djam 7,30 éndjing.

Bl. October 1931.

CORRESPONDENTIE.

R. F. Siswahadisoemarta, J. S. Siswasoemarta, Djebolan (Solo); St. Soepama, Wétan dalem (Dk.) M. A. J. Prawirawardaja, Onderw. Ringinanom Mgl.; pandjenengan pindah dateng poendi? *Adm.*

Poepoes-Tjindé, O. D. Kühr, karangan katampi. Matoer noewoen. Kasrantosaken sampoen roemijin!

„Pendidikan Ra'jat"; Soerabaja; Administratie: Qoerän Djawèn, Solo, kita sampoen tampi circulair. Matoer noewoen. *Red.*

WATJANA MANÉKA WARNA.

KOMPRÈNSI NJOEWAK DADAMEL.

Mengsah moengging tjangklakan.

Anggènipoen njoewak dedamel poenika perloenipoen kanggé nebihaken perang. Kanggé nglestantoenaken katentreman.

Nanging poenapa sampoen wonten katentreman?

Tjrijosipoen sampoen! Nanging kados poenapa?

Roemijin sadèrèngipoen perang ageng inggih sampoen wonten katentreman. Nanging katentreman ingkang tansah ketar-ketir! Amargi asikep joeda, gewapende vrede!

Sapoenika inggih oegi sampoen wonten katentreman, nanging ingkang tansah menak-menik, boten djendjem, tansah koewatos, jèn badé katempoeh ing sanès.

„Njèlèhaké gegaman! Njoeda gegaman!" Makaten swantenipoen pradjapradja ing Éropah.

Béndjing woelan Pébroewari taoen 1932 ngadjeng poenika ing Genéve badé dipoenwontenaken Komprènsi njoewak dedamel.

Briand, minister mantja negari ing Perantjis, soeka sogokan dateng Volkenbond, soepados Komprènsi njoewak dedamel saèstoe kawontenana, lan malih sampoen ngantos kaoendoer.

Grandi, minister mantja negari ing Itali, inggih boten kantoen: „Mangga gèk énggal tjak-tjek!"

Dr. Curtius, minister mantja negari ing Djerman, inggih moepakat sanget.

Nitik anggènipoen para pengandjoer pradja sami ndesek kados makaten poenika ladjeng kénging dipoen-gagapi, jèn sapoenika wonten glagat ingkang saged alitipoen ngoendoeraken, agengipoen njandèkaken Komprènsi waoe.

Poenapa ingkang badé ngalang-alangi poenika rakjat pijambak?

Tjeta boten!

Tjobi kémawon mirengna lokipoen rakjat ing Berlin nalika katamoean *Laval* lan *Briand*, kalih-kalihipoen minister Perantjis, (27 September '31).

Nalika medal saking setasioen, Laval lan Briand kapapakaken swantening rakjat: *„Friede."* Sareng sampoen doemoegi ing hotèlipoen lan ladjeng ngatingal wonten ing balkon kapetoekaken soeraking rakjat: „Vivent Briand et Laval! *Bringen Sie den Friede über die Welt!* Lan kala Briand andèlèhaken makoeta sekar wonten ing koeboeripoen Stresemann, kapeksa mireng swantening rakjat malih: *„Friede."* — „Katentreman, katentreman, sapisan engkas katentreman!"

Vereeniging van Dagbladpers ing Nederland sampoen nglempakaken petitionement, soepados Komprènsi njoewak dedamel angsala damel. Doemoegi sapoenika tanda tangan ingkang loemebet, apes sampoen wonten 2000.000.

Nanging kémawon Amérika lan Roeslan poenika boten mlebet ing Volkenbond. Poenapa inggih badé toemoet Komprènsi? Lan malih Roeslan poenika toekang ngobrakabrik katentreman lan sikeping perang kok inggih boten sapélé! Malihipoen: Djepang kados-poendi?

Kadjawi poenika, taksih wonten golongan sanès ingkang saged ngoetik-oetik rantjangan ngwontenaken Komprènsi njoewak dadamel, i. p. para industrie ingkang ngladosi dadamel: djoeragan dadamel.

Dèrèng lami lord *Robert Cecil*, politicus Inggris, tjrijos, jèn ing sawatawis kalangan sadjakipoen sampoen wonten ingkang gadah nijat kentjeng badé ngonggrèh-onggrèh antenging katentreman, — ing kalangan ingkang angsal oentoeng margi ngladosi dedamel.

Ladjeng soeka rembag, soepados sami ngoelat-oelatna dateng tijang ingkang oentoengipoen badé soeda margi soewaking dedamel.

Nggegaa dateng koela, mekaten tjrijosipoen lord Cecil, saja tjelak dintenipoen Komprènsi, saja santer aksinipoen kanggé ndoewa panjoewak dedamel: sadaja pasoelajan internasional sasaged-saged badé kadamel ndadra; saben bangsa hawa-napsoenipoen dateng kabangsan lan dedasaripoen sengit dateng bangsa sanès badé dipoenkilèni.

Dados boten anggoemoenaken, jèn djoeragan dedamel waoe sami ngoedi dateng oendoering Komprènsi, malah jèn saged sandénipoen.

Nanging ingkang anggoemoenaken, poenika ingkang sampoen kelampahan wonten ing Libau.

Dèrèng naté mireng nama „Libau"? Boten dados poenapa. Libau poenika pelaboehanipoen perang Repoeblik énggal Letland (sapinggiring Oostzee). Kala semanten mèngeti sedasataoenanipoen marine Letland. Lan anggènipoen mèngeti waoe mawi parade kapal perang gadahanipoen pijambak lan gadahanipoen pradja sanès.

Pantjènipoen rak sampoen tjekap, jèn Letland tok mamèraken marinenipoen ingkang namoeng sadjimpit poenika, wonten ing pelaboehan perang waoe—lan kanggé ngétjé-étjé Moscou. Nanging para pradja agengageng kok inggih ngintoenaken kapalipoen perang ingkang sami pating djenggenek angadjrih-adjrihi.

Perantjis, Djerman, Polen, Zweden, Finland, Estland toemoet² mamèraken; malah Labour-regeering Inggris kok inggih boten poeroen kantoen, ngintoenaken kruiser anggegirisi kalih.

Sapisan engkas, lelampahan poenika anggoemoenaken: satoenggiling pradja alit, ingkang dradjadipoen boten sapintena, mèngeti sadasataoenanipoen marine, ingkang oegi namoeng sadjimpit, mawi njedahi dateng para pradja ageng-ageng, soepados sami toemoeta.

Lan pradja-pradja waoe kok inggih toemoet, toer boten tjlimèn.

Poenapa poenika saèstoe margi aosing pèngetan waoe?

Poenapa poenika kanggé pamèr dateng Sovjet? Poenapa poenika saking pendamelipoen djoeragan dedamel, ingkang ngodjok-odjoki dateng Letland, soepados mèngeti sadasa-taoenan waoe, mawi dipoentindihi kasagahan badé migoenakaken prabawanipoen wonten ing pradja sanès, soepados pèngetan waoe saèstoe sageda semoea?

Bab poenika margi kados-poendi-kados-poendi, semangga; namoeng ingkang sampoen tétéla: antjas-antjas perang dèrèng pedjah; lan aksi kanggé moesprakaken antjas njoewak dedamel boten kénging dipoensepèlèkaken.

Lord Robert Cecil poenika dédé baji wingi sonten; ngertos dateng glagad-glagad. Malah bokmanawi sampoen naté ngalami pijambak.

Samanten angèlipoen!

O, oepami roemijin para pradja sami poeroen noeroeti pamisahipoen K. S. Bapa Benedictus XV lan anggatosaken dateng rembagipoen, ingkang mrajogèkaken soepados para pradja sami sanalika sami sasarengan njoewak dadamel!

OERAP-SARI.

INDONESIA.

Dateng nagari Walandi.

Ing salebetipoen minggoe poenika Rama B. Coenen kondoer dateng nagari Walandi margi gerah. Pandjenenganipoen lami dados goeroe wonten ing Moentilan, dados katah para sadèrèk ingkang tepang. Sadèrèngipoen tindak, dados directeur Normaalschool Moentilan. Andèrèkaken soegeng sarta memoedji soepados énggal dangan.

Broeder Overste ing Moentilan kalijan ing Ambarawa sarta broeder kalih sanèsipoen badé sami kondoer perlop dateng nagari Walandi. Soeda 4 nanging angsal gegentos 3 inggih poenika ingkang mentas sami rawoeh saking nagari Walandi: Br. Aquino van Reeken, Br. Reinoud Tuenissen sarta Br. Regidius Sanders.

Panjadénipoen lot-lot lotré ageng.

Ing Swara-Tama ingkang kapengker (no. 39) ing *watjana manéka warna* nerangaken akalipoen tijang kilak lot ladjeng kasadé mawi bati katah ngantos 1 lot kasadé f 14. Gandèng kalijan ingkang kados makaten, mentas poenika Directeur van Justitie sarembag lan directeur Escompto, paring poetoesan: salebetipoen 4 dinten saking wiwitipoen lot kasadé, Escompto boten badé njadé lot 25 idji dateng tijang satoenggal, salebetipoen tigang dinten bakda poenika katah-katahipoen 100 idji. Sabakdanipoen malih, tijang satoenggal kénging toembas katah manoet sakadjengipoen.

Sakit modèl énggal

(sakit tilem).

Ing Redi Kidoel sisih wétan lan kidoel (bawah Ngajodja) wonten sesakit ingkang doemoeginipoen sapriki ing tanah Djawi dèrèng naté kapireng inggih poenika sakit tilem. Tijang ingkang kénging sesakit waoe

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang **moerah**

DJOKJA Telf. 252 — BAND ENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja SWARA TAMA, dengan bawa lembaran Swara Tama **dapat POTONGAN.**

Frieling's Zwarte Lak.

Zwak Lak **(tjèt lak tjemeng)** poenika gilap sanget sarta awèt jèn kanggé ngetjèt barang ing ndjawi lan ing nglebet.

Tjèt lak poenika kraket sanget, reginipoen mirah dados langkoeng déning pantes jèn kaanggé ngetjèt barang aloes sarta oegi barang limrah.

Netto	12½	5	2½	1	½	kilo.
sa-blèg	13,75	5,75	3,—	1,30	0,70	roepijah.

Oegi kénging toembas blèg-blègan isi ⅕ Kilo, poenika tjekap kanggé ngetjèt fiets 2, saben sa-blèg 40. sèn.

Verffabriek R. B. FRIELING Djokja.

:-: HOEKHUIS GONDHOMANAN—SAJIDAN :-:

Boeat toean poenja

Recept²

ERCEE ERCEE

APOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

TOKO MENANG

MADIOEN, SOLO en DJOCJA.

Selamanja sedia:

DRILL POETIH, DRILL KLEUR, KAMHAR, LAKEN, TRICO, TJITA-TJITA, TOPI TOEAN, SAPOE TANGAN, RENDA-RENDA, MINJAK WANGI, DASI, KRAAG, KOUSEN, dan laen-laennja.

SEMOEA BARANG BIKINAN EUROPA.

TOKO DJOEN & CO.

TELEF. No. 374.

PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA.

Amrih soekaning para lengganan, wiwit sapoenika kita ngwontenaken persènan. Saben kantongan boeboek saking Djoen wonten

COUPON MAWI REGI.

Srana nglempakaken kantongan dalasan couponipoen, para lengganan badé angsal pépénginanipoen.

Mangga énggal njobi moendoet!

Kita sedija:

JAVA KOFFIE	No. 1	sa-pond	f 1.—
ROBUSTA „	„ 1	„ „	„ 0.80
„ „	„ 2	„ „	„ 0.70

Tanggel tanpa tjampoeran.

Jèn badé njatakaken sadèrèngipoen kopi mlebet ing gilingan, kénging.

Atoer hoermat,

Toko Djoen & Co.

:-: AGENT :-:

BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.

Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.

Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:

WIRJOSOESENA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

teroes tilem kémawon, boten saged goemlawat. Poenapa poenika sami kalijan sesakit tilem ing Africa, dèrèng wonten ingkang njatitèkaken. Ing Africa ngrika sakit tilem poenika sampoen limrah. Ngadat ingkang katradjang tijang oemoer 10 doemoegi 20. Wiwitpoen tijang ingkang sakit waoe badan loengkrah, gampil kesoepèn, sambat sakit ing sirah lan mripat sarta ngrekaos anggènipoen mbeboetjal. Saja dangoe kraosipoen ngantoek saja katah. Satengahing njamboetdamel, kraos mak ler, ladjeng tilem. Jèn mlampah senggojoran, tjantenan kami sosolen. Sampoen boten pradoelèn malih dateng awakipoen pijambak lan dateng sakiwa tengenipoen. Tilemipoen ladjeng saja kerep. Nedanipoen jèn taksih melèk, nanging saja lami saja sakedik. Pedjahipoen manawi sampoen lami, margi katelasan daja oetawi kénging sesakit sanès. Awis-awis ingkang pedjah salebetipoen kalih woelan. Sakit tilem ing Africa poenika boten saged mantoen. Toewan Dutton saweg taoen 1901 manggih sababing sesakit waoe inggih poenika margi kalebetan kéwan lembat sanget bangsa protozoon namanipoen: *trypanosoma Gambiense*. Moegi tanah Djawi tinebihna saking sesakit poenika.

Krakataoe badé koerda.

Manoet Aneta ingkang mireng kabar saking Vulconologische dienst (= ingkang ndjagi lan niti priksa kawontenaning redi ingkang taksih medal latoenipoen lsp.) bilih redi Krakataoe badé koerda malih. Isinipoen ingkang medal saking kawah anggènipoen ndedel minggah ngantos inggilipoen 2000 M.

Para pangageng ing Banten sarta Lampoeng kagoengan panjoewoen sarana tilgram, soepados pareng ngwontenaken pandjagi ing pasisir, amrih oepami wonten poenapa-poenapa, sasampoena sijaga.

Doemoeginipoen samangké tijang boten perloe koewatos.

C. I. boten mlebet ing P. P. P. K. I.

Sampoen lami dados rembagan, poenapa C. I. (Celebes Instituut) poeroen mlebet ing P. P. P. K. I. (Persatoean Perhimpoenan Politiek Kabangsan Indonésia) poenapa boten. Woesana rikala Ngahad kapengker poenika C. I. ngwontenaken parepatan oemoem, ingkang kadatengan tijang ± 500. Wonten ing ngrikoe C. I. mendet poetoesan boten badé loemebet ing P.P.P.K.I. Manawi nitik wontening pakempalan warni-warni wonten ingkang Co (=sasarengan njamboetdamel kalijan Nagari), wonten ingkang Non (=)(boten poeroen sasarengan njamboetdamel kalijan Nagari), wonten ingkang neutraal (=boten pilih-pilih), wonten ingkang mawi agami, kabar C. I. boten poeroen mlebet P.P.P.K.I. poenika boten nggoemoenaken.

P. R. I. kalijan Indonesia merdeka.

Kaseboet wonten serat sebaranipoen H. B. P. R. I. (Partai Ra'jat Indonésia) perkoempoelan politiek ingkang sekawit dipoenkemoedèni Journalist Tabrani, samangké dipoenkemoedèni RM. Mr. Dr. Soeripta soeraos:

a). Ngakeni wontenipoen kabangsan Indonésia.

b). Ngakeni dateng haking satoenggaling bangsa noedjoe dateng kamardikan.

c). P. R. I. badé noedjoe dateng Indonésia Ra'jat medal margi Parlementa irisme.

d). Wonten ing babadan-babadan negari P.R.I. waoe bakoening toedjoe badé ambangoen Dominion Status.

e). P.R.I. badé amboedidaja soepados Indonésia saged dados warganing Volkenbond ing Geneve.

P. R. I. gadah pamanggih manawi pakempalan politiek kedah tjeta toedjoe lan lampahipoen, sampoen ngantos tjampoer adoek kémawon. Manawi ngadjengi „Cooperation" inggih kedah ngeblak ing sapoenapa-poenapanipoen. Kedah wani nerangaken ing oemoem, lan makaten oegi doemoegining practijk inggih kedah makaten pisan. *(A J.S.).*

FIRMA-MERDEKA

WÉTAN STATION NGABÉAN — DJOKJAKARTA.

Soedah sedia bekakas roemah: tempat tidoer, bultzak, lemari, medja, koersi, semoea bikinan dari Indonesia betoel, **barang baik harga pantes,** dan bisa beli dengan **huurkoop.**

Djoega trima pesenan medja sekolah dengan harga moerah, dan sedija toekang bultzak boeat bikin betoel bultzak goena didatengkan dimana tempat.

Tarief onkost toekang bultzak dengan harga kain.

Bultzak no. 1.	oekoeran	2,30 × 1,90	satoe stel	2 goeling	4 bantal	f 10,50
„ no. 2.	„	2,20 × 1,60	„ „	2 „	4 „	f 9,50
„ no. 3.	„	2,10 × 1,30	„ „	1 „	2 „	f 7,—
„ no. 4.	„	2,— × 1,15	„ „	1 „	2 „	f 6,—
„ no. 5.	„	2,— × 1,—	„ „	1 „	2 „	f 5,50

Pesenan bikin betoel bultzak bisa kirim soerat lebih doeloe, dengan diterangkan pandjang lebarnja tempat tidoer.

Hormat Saia

Eigenaar: **R. A. SASTRODIHARDJO.**

MANTJA NAGARI.

Oebeding samboetanipoen para pradja-nagari ing Éropa.

Sinten ingkang kapéngin soemerep, Moratorium oesoelipoen president Hoover mikantoeki oetawi mitoenani sapinten dateng satoenggiltoenggiling pradja-nagari ing Eropa, mangga koela atoeri njatitèkaken pijambak petikan saking *„De Standaard"* (Nederl. A. R.) kados ing ngandap poenika. Pétanganipoen mitoeroet pranatan Young.

Djerman.

1 Djoeli 1931 — 30 Djoeni 1932 kedah tjoetjoel arta 1697 mlijoen Mark. Ingkang 178 ml. perloe kanggé njaoer samboetan Dawes lan Young, ingkang boten dipoensoekani inah. Dados ing dalem sataoen Djerman badé boten soesah tjoetjoel arta 1519 ml.M. oetawi kl. 900 ml. roepijah. Nanging samanten poenika kedah taksih katjowok 700 ml. M. kanggé noembas barang-barang ingkang sampoen kaladjeng dipoenwelingaken.

Prantjis.

Kanggé 1931/32 tampi saking Djerman kl. 838 ml. M. lan saking pradja sanèsipoen (kadosta: Roemeni) arta 4 ml. Nanging kedah mbajar dateng Inggris 255 ml. lan dateng Amerika 227 ml., dados goenggoeng 482 ml. Ingkang poenika Moratorium mitoenani 359 ml. M.

Inggris.

Kanggé Inggris namoeng boekboekan kémawon. Kedah ambajar dateng Amerika 675 ml. M. lan tampi saking Djerman 362 ml. saking Prantjis 255 ml. Déné kikiranganipoen dipoendjangkepi saking Itali lan pradja sanès ingkang njamboet.

Itali.

Kanggé Itali mèh sami kalijan Prantjis. Kedah mbajar dateng Inggris 87 ml. sarta dateng Amerika 26 ml. M., nanging tampi saking Djerman 190 ml. Dados Moratorium badé mitoenani 77 ml. M.

Belgi.

Saking Djerman tampi kl. 102 ml. M. Sarèhné taksih kedah mbajar dateng Amerika, dados ingkang loemebet ing kantong namoeng 35 ml. roepijah.

Dados Moratorium-ipoen Hoover poenika badé ngéngingi ingkang sanget dateng Prantjis, Itali lan Belgi.

DJEPANG — TIONGKOK.

Ing Mantsjoerij taksih ramé. Boten namoeng ing atasing lalampahan ing Mantsjoerij, nanging oegi rembag-rembagipoen taksih ramé. Ing Djepang lan ing Tiongkok sami déné mampang-mampang. Lan ing Mantsjoerij pijambak kawontenanipoen prasasat satengah perang. Tiongkok-Kidoel (Kanton) wawoeh kalijan Tiongkok-Lèr (Nanking): sami déné gemes dateng Djepang. Tijang Djepang wonten ing Tiongkok sami dipoenaroe-biroe; malah wonten brajat Djepang ingkang bapa-bijoengipoen dipoenpedjahi kanti ngégla blak-blakan! Ing prakawis pasoelajanipoen Djepang lan Tiongkok Volkenbond sadjak pegel; margi kalih-kalihipoen sami ngekahi kadjengipoen pijambak-pijambak.

AMERIKA-KIDOEL.

Bolivie-Paraguay. Pradja kekalih poenika sapoenikanipoen prasasat inggih saweg aben landeping bajonet lan santering mimis.

Béndjing poenapa sagedipoen Amerika-Kidoel ngraosaken katentreman sadjatos? Awit tansah wonten-wonten kémawon. Jèn boten wonten revolutie oetawi relletjes, kok inggih wonten pasoelajan pradja satoenggal kalijan satoenggalipoen.

NEDERLAND.

Béndjing poenapa tapoekipoen? „St. Jnskl." martosaken, jèn Congregatie Soester Tyas Dalem Sri Jésoes ing Moerdijk (N. Br.) sampoen angsal idin saking „Propaganda Fide" ngadegaken grija succursaal wonten ing Teloek-Betoeng (Soematra Kidoel), gebenganipoen Prefectuur Bengkoelen. Kanggé Congregatie waoe nama tjakal-bakal.

NGLERESAKEN DAPOEKAN.

Ing Sw. Tm. no. 39 artikel *„Kloeroeking sawoengipoen Pandji laras."* 4 larik saking ngandap ing koloman badé malik dateng katja 4 wonten dapoekan ingkang damel kisroeh. Inggih poenika: 4 larik saking ngandap rak wonten pada „titik" ingkang moengkasi temboeng . . . . . bangsa Djawi! Lah teroesipoen ingkang njandak prakawis poenika raos-raos . . . . . boten salaras lan kadjengipoen pangripta! Menggah leresipoen ingkang dipoenkadjengaken makaten: . . . . Pantjèn anggèn koela njlèwèng badé ngoepados margi kanggé njoengoelaken atik-atikaning nalar toemrap ndjangka. *Soepados wahjoe Indonésia dawah dateng bangsa Djawi.* Sapoenika sambetidoen *„amargi sangkoetaning nalar sapoenika sasat boten njebal saking paoegeran.* **„Saénipoen kanti mlampah."** Titik poenika ladjeng saweg sambet lan oekara: *„Prakawis poenika raos-raos, ... ing t. Kadjawèn lspn.* (ing katja 4). Koela atoeri njoendoekaken oekara-oekara ingkang dipoenbéda tjapipoen poenika. Ingkang temtoe ladjeng boten ngisroehaken nalar. Sanèsipoen wonten sakedik nanging boten damel mengeng, mila boten perloe!

taklim koela
Blorok.

Sampoen kasedijakaken papan pondokan kanggé

laré èstri ingkang sekolah.

Sinaoenipoen dipoenoelat - oelataken sarta dipoentoentoen.

Wragad mondok lan neda: **f 15.—**

HARDJADININGRAT

GOENOENG-KETOER — PAKOEALAMAN — NGAJOGJAKARTA.

Uitgave: **DRUKKERIJ „CANISIUS"**

DJOKJAKARTA — TEL. No. 701.

Verschenen:

„OEFENINGEN in de NEDERLANDSCHE TAAL"

(met sleutel).

2e DRUK.

door **J. A. BELLAARD, Hoofd eener H. I. S.**

Prijs: f 0.75; met sleutel msaen f 1.— fr. i.p. f 1.12.

(De sleutel geeft aan: de gevraagde voorzetsels, de vereischte tekstveranderingen, de gevraagde tegenstellingen, synoniemen, enz.).

Dit boekje is zeer geschikt voor candidaten M.U.L.O., H. B. S., Klein-Ambtenaarsexamen, Akte Nederlandsch, enz.